# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क तिसरका अउर चउथा फेरा वाले संसदीय सीटिनि के ले के चुनाव परचार जोरिया गइल हौ। सज्जो राजनीतिक दलन क नेता अउर स्टार परचारक अपने–अपने ओम्मेदवारन बदे ओट मंगले में जुटल हवें। एकरे खातिर ऊ जनसभा अउर रैली कइ रहल हवें। सीनियर नेता क रोडो–सो आयोजित हो रहल हौ। ओम्मेदवार अपने–अपने सहजोगी कार्यकरता लोगिन के साथे घरे–घरे जा के जन सम्पर्क कइले क अभियानों तेज कइ दिहले हवें। भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बदायूं में बिल्सी में भाजपा ओम्मेदवार दुर्विजय सिंह शाक्य के समरथन में एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में केन्द्र सरकार के ओरि से चलावल गइल जन–कल्याणकारी योजना के बिना कउनों भेद–भाव क समाज के हर वर्ग ले पहुंचावल गइल। अइसन खाली भाजपे सरकार कइ सके ले। मुख्यमंत्री अपने सम्बोधन में कानून व्यवस्था अउर माफिया के ले के बिपक्षी दल सपा के घेरलें। उहां के कहलीं कि भाजपा क सरकार, सपा समरथित माफियन के ठेकाने लगा के उनकर कमरि सोझ कइ दिहले हवे।

भाजपा क सीनियर नेता अमित शाह आजु इटावा में भाजपा ओम्मेदवार प्रोफेसर रामशंकर कठेरिया के समरथन में आयोजित एगो जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि सपा जातिवाद अउर परिवारवाद क राजनीति कइ रहलि हौ अउर कांग्रेस झूठ क।

श्री शाह आजु एटा अउर मैनपुरी लोकसभा सीटि क भाजपा ओम्मेदवार के समरथनो जनसभा कइलें अउर लोगिन से उनके पक्ष में ओट देवे क अपीलि कइलें।

ओहर समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव बरेली में एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित करत भारतीय जनता पारटी पर जमि के बरसलें। उहां के कहलीं कि भाजपा सरकार में पेपर लीक भइल, परीक्षा निरस्त भइल, किसानन क आन्दोलन के दबा दिहल गइल। सरकार क ई कार अहंकार भरल रहल, जेहके जनता हरगिज मंजूर नाहीं करी अउर ओट के जरिये सबक सिखाई।

**********

प्रदेस में लोकसभा चुनाव क चउथा फेरा बदे दाखिल कइल गइल परचन क जांचि पूरा हो गइल हौ। जांचि में एक सौ अड़तीस ओम्मेदवारन क परचा बैध पावल गइल जबकि बेयासी ओम्मेदवारन के परचा खारिज कइ दीहल गइल हौ। चउथा फेरा में परचा दाखिल करे वाले ओम्मेदवार बिहने ले आपन नांव वापसि ले सकेलें। येह फेरा में तेरह संसदीय सीटिनि पर तेरह मई के ओट परी। चउथा फेरा क तेरह सीटि हवे –शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच।

**********

लोकसभा चुनाव क पंचवा फेरा के चउदह लोकसभा सीटि अउर लखनऊ पूर्व विधानसभा उपचुनाव खातिर नामांकन परचा भरले क प्रक्रिया सुरू हो गइल हौ। पंचवा फेरा क सीटिन बदे परचा भरले क आखिरी तारीख तीनि मई हौ। चारि मई के येह परचन क जांचि होई अउर छौ मई ले ओम्मेदवार आपन नांव वापिस ले सकिहें। पंचवा फेरा में मोहनलालगंज, लखनऊ, रायबरेली, अमेठी, जालौन, झांसी, हमीरपुर, बांदा, फतेहपुर, कौशाम्बी, बारांबकी, फैजाबाद, कैसरगंज अउर गोण्डा संसदीय सीटि पर बीस मई के ओट परी।

**********

लोकसभा चुनाव के छठवां फेरा क प्रदेस के चउदह सीटिनि बदे नामांकन प्रक्रिया बिहने से सुरू हो जाई। ओम्मेदवार छठवां फेरा के सीटिनि बदे छौ मई ले परचा भरि सकिहें। सात मई के नामांकन पत्रन क जांचि कइल जाई। नौ मई के परचा वापिस लिहले क आखिरी तारीख होई। छठवां फेरा क– सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, प्रयागराज, अम्बेडकर नगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीर नगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, भदोही अउर मछलीशहर सीटिनि बदे पचीस मई के ओट परी। छठवां फेरा क नामांकन प्रक्रिया सुरू कइले क सज्जो तइयारी सज्जो जिलन क जिला प्रसासन पूरा कइ लिहले हौ।

**********

इलाहाबाद हाईकोर्ट जौनपुर क पूर्व सांसद धनंजय सिंह के जमानति दे दिहले हौ, बाकिर उनके सजा पर रोकि लगवले से मिनहां कइ दिहले हवे। जौनपुर क एमपी–एमएलए कोर्ट अपहरण अउर जबरन ओसूली मामिला में उनके सात सालि क सजा सुनवले रहल। सजा बरकरार रहले के नाते धनंजय सिंह चुनाव नाहीं पड़ पइहें। नमामि गंगे क प्रोजेक्ट मैनेजर अभिनव सिंघल क अपहरण करवले, रंगदारी मंगले अउर धमकी दिहले के आरोप में धनंजय सिंह क जमानति अरजी पर हाईकोर्ट बियफे के सुनवाई पूरा कइ के फैसिला सुरक्षित रखि लिहले रहल।

**********

प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में येह समय भीसण गरमी अउर लुह क परकोप जारी हौ। ढेरि जिलन में तापमान चालीस डिगिरी के आसपास रेकार्ड कइल जा रहल हौ। मौसम विभाग प्रदेस के पच्छिमी जिलन में बूंदाबांदी से ले के हल्लुकाहे बरखा भइले क पूर्वानुमान जतवले हवे। पीलीभीत में आजु तड़के बूंदाबांदी परल। कई अउरियो जिलन में बादर छवले रहले अउर बूंदाबांदी भइले क खबरि हौ। प्रदेस के पूरबी जिलन में मौसम गरम बनल हौ अउर तेज लुह चलले से लोगिन क जिनगी अस्त–व्यस्त हो गइल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से पूरबी जिलन में फिलहाल गरमी से राहति मिलले क ओम्मेद नाहीं हौ।

**********